



Founiti Sèvis Edikatif pa yon Ekip Itineran nan kad Pwogram Swen Timoun

Nimewo Politik la: FO-25-04

Dat Piblikasyon: 13 Out 2025

Dat li Efektif: 1ye septanm 2025

Aplikabilite: Tout Pwogram Swen Timoun ki gen Lisans ak Finansman k ap Patisipe nan Sèvis Ekip Itineran Lekòl Piblik la

KONTÈKS

Depatman Edikasyon ak Swen Timoun Piti Massachusetts la (EEC) sipòte enklizyon konplè timoun ki gen andikap nan tout anviwònman ki reglemante pa ajans lan, nan asire timoun ki gen Pwogram Edikasyon Pèsonalize yo (IEPs) gen aksè a sipò nesesè yo san obstak atravè sèvis itineran yo.

EEC ankouraje patenarya kolaborasyon ant pwogram swen pou timoun ak distri lekòl lokal yo atravè Ekip Itineran yo, pwofesyonèl ki bay sèvis pou timoun laj preskolè ki gen IEP yo epi sipòte anviwònman aprantisaj enklizif nan pwogram swen timoun ki baze nan kominote a¹. Anplis de bay sèvis ki baze sou IEP ki adapte pou satisfè bezwen yon timoun endividyèl, Ekip Itineran yo souvan bay sipò edikasyon jeneral ak ansèyman pou tout gwoup timoun yo pandan vizit nan kad pwogram swen timoun yo.

Politik sa a eksplike egzijans distri lekòl yo, Ekip Itineran yo, ak pwogram swen timoun ki baze nan kominote a dwe swiv pandan y ap fasilite sèvis itineran yo.

¹ Politik sa a aplike pou pwogram swen timoun ki baze nan kominote a ki te chwazi patisipe nan modèl itineran an ak distri lekòl piblik yo ki deplwaye sèvis itineran nan pwogram swen timoun sa yo. Pwogram ki baze nan kominote a ka gen ladan pwogram Gwoup ak Laj Lekòl (souvan yo rele sant oswa pwogram ki baze nan sant) ak swen pou timoun nan fanmi an.

OTORITE

- 606 CMR 7.04: Administrasyon
 - (2) Aktivite ki pa Otorize
 - (4) Egzijans nan zafè Dosye
- 606 CMR 7.05: Entèaksyon ant Granmoun ak Timoun
- 606 CMR 7.10: Rapò, Gwosè Gwoup ak Sipèvizyon Timoun
- 606 CMR 7.11: Sante ak Sekirite
 - (4) Move Tretman ak Neglijans
 - (18) Egzijans Sipleman tè pou Ti Gwoup ak Laj Lekòl ak Gwo Gwoup ak Swen Timoun ki gen Laj Lekòl
- 606 CMR 14.05(1)(d): Verifikasyon Dosye Pase

DEFINISYON YO

Pou objektif politik sa a, nou itilize definisyon sa yo:

- **Ekip Itineran Lekòl Piblik:** Yon gwoup pwofesyonèl yon distri lekòl piblik angaje kòm anplwaye oswa kontraktyèl ki bay sipò aprantisaj enklizif ak sèvis edikasyon pou timoun ki gen laj preskolè ki gen IEP nan kad pwogram swen timoun ki baze nan kominote a. Ekip Itineran Lekòl Piblik la ka gen ladan espesyalis tankou patolojis lapawòl-langaj, terapet okipasyonèl, fizyoterapet, espesyalis konpòtman, coach nan enklizyon, ak pwofesè ki sètifye nan edikasyon espesyal². Manm Ekip Itineran Lekòl Piblik yo ka travay nan plizyè anviwònman, avèk objektif pou bay sèvis pou yon timoun nan anviwònman kote li pase tan regilyèman. Yo ka travay avèk timoun yo alafwa endividyèlman oswa an gwoup (sa vle di, plis pase yon timoun k ap travay ansanm nan menm espas la).
- **Distri Lekòl ki fè Parenaj:** Distri lekòl piblik ki anplwaye / bay kontra ak sipèvize yon Ekip Itineran Lekòl Piblik.
- **Pwogram Swen Timoun Akèy:** Yon pwogram swen timoun ki baze nan kominote a ki akeyi yon Ekip Itineran Lekòl Piblik. Pwogram sa yo gen ladan Gwoup ak Laj Lekòl (ki rele tou "sant" oswa "pwogram ki baze nan sant") ak Swen Timoun nan Fanmi.
- **Pwogram Edikasyon Pèsonalize (IEP):** Yon deklarasyon ekri ki idantifye bezwen edikasyon espesyal yon timoun epi ki dekri sèvis yon distri lekòl dwe bay pou satisfè bezwen sa yo. Yon IEP prepare pa yon sistèm lekòl piblik an akò avèk lwa sou

² Règleman sa a pa aplike kounye a pou espesyalis Entèvansyon Bonè (EI) ak Analiz Konpòtman Aplike (ABA).

edikasyon espesyal federal ak etatik an patenarya avèk fanmi timoun nan. Yon IEP ka presize sèvis yo bay nan yon anviwònman gwoup ak / oswa endividyèlman.

- **Timoun k ap Resevwa Sèvis IEP:** Yon timoun ki enskri nan yon pwogram swen timoun ki baze nan kominote a epi ki gen yon IEP ki se baz sèvis itineran yo.

DEKLARASYON POLITIK

Egzijans Pwotokòl Dakò a

Anvan Ekip Itineran Lekòl Piblik la bay sèvis nan yon pwogram swen timoun ki baze nan kominote a, yon Distri Lekòl ki fè Parenaj dwe kreye yon Pwotokòl Dakò (MOU) avèk yon Pwogram Swen Timoun Akèy. Dokiman Pwotokòl Dakò sa a dwe gen ladan:

- Ki moun ki pral egzekite pwosesis verifikasyon Dosye Pase a (BRC) pou chak manm Ekip Itineran anvan yo bay sèvis nan Pwogram Swen Timoun Akèy la (gade seksyon Akseptabilite BRC a);
- Si sa aplikab, Pwogram Swen Timoun Akèy la konsanti pou Distri Lekòl ki fè Parenaj la egzekite pwosesis EEC BRC yo;
- Sèvis Ekip Itineran Lekòl Piblik la pral bay nan kad Pwogram Swen Timoun Akèy la; epi,
- Rekonesans ak akseptasyon règleman ECC yo konsènan plent pou move tretman ak neglijans timoun, dapre 606 CMR 7.11 (gade seksyon Plent pou Move Tretman ak Neglijans la).

Pwogram Swen Timoun Akèy la dwe kenbe yon kopi dokiman Pwotokòl Dakò aktyèl la epi bay li a yon founisè lisans EEC sou demann.

Distri Lekòl ki fè Parenaj la responsab pou renouvle Potokòl Dakò a avèk Pwogram Swen Timoun ki Akèy la chak ane.

Akseptabilite BRC

Anvan pou yo travay nan yon Pwogram Swen Timoun Akèy, yo dwe jwenn tout manm Ekip Itineran Lekòl Piblik la akseptab dapre pwosesis BRC EEC a.³

³ Egzijans akseptabilite EEC BRC sa a pa nye oswa anile okenn obligasyon Distri Lekòl ki fè Parenaj la pou fè oswa jwenn yon detèminasyon akseptabilite epi fè yon verifikasyon dosye pase yon anplwayè, dapre MGL c. 71, § 38R ak 603 CMR 51.00.

Si yon Distri Lekòl ki fè Parenaj resevwa finansman nan men EEC pou sipòte founiti sèvis itineran (egzanp, atravè yon sibvansyon Inisyativ Patenarya Preskolè Commonwealth), **Distri Lekòl ki fè Parenaj** la a dwe:

- Jere ak egzekite pwosesis BRC EEC a epi konfime akseptabilite pou chak manm Ekip Itineran an; epi
- Voye yon kopi Lèt Detèminasyon Akseptabilite EEC a bay chak Pwogram Swen Timoun Akèy anvan premye vizit manm Ekip Itineran an nan pwogram nan.

Nan ka sa a, Pwogram Swen Timoun Akèy la kenbe yon kopi Lèt Detèminasyon Aseptabilite EEC a pou chak manm Ekip Itineran epi remèt li bay yon founisè lisans EEC sou demann.

Si yon Distri Lekòl ki fè Parenaj pa resevwa finansman nan men EEC pou sipòte sèvis itineran, **Pwogram Swen Timoun Akèy** la dwe:

- Jere ak egzekite pwosesis BRC EEC a epi konfime akseptabilite pou chak manm Ekip Itineran.

Konsantman ak Notifikasyon Paran / Responsab Legal

Anvan ekip itineran an bay sèvis, Pwogram Swen Timoun Akèy la oblije:

1. Jwenn dokiman obligatwa pou Timoun k ap Resevwa Sèvis IEP yo;
2. Notifye paran / responsab legal tout timoun ki prezan pandan vizit Ekip Itineran yo nan Sèvis Itineran yo; epi
3. Bay paran / responsab legal tout timoun ki prezan pandan vizit Ekip Itineran an posiblite pou refize patisipasyon pitit yo nan aktivite gwoup avèk manm Ekip Itineran yo.

Dokiman obligatwa Timoun k ap Resevwa Sèvis IEP yo:

- Yon kopi ajou IEP timoun nan ki soti nan Distri Lekòl ki fè Parenaj la; oswa
- Yon fòm konsantman paran / responsab legal la siyen. (Gade "Fòm Konsantman pou Paran / Responsab Legal" nan seksyon Enfòmasyon Sipleman tè a).

Notifikasyon obligatwa ak Opsyon Dezenskripsyon pou tout timoun ki prezan pandan vizit Ekip Itineran an:

- Pwogram Swen Timoun Akèy la dwe voye yon notifikasyon bay paran / responsab legal tout timoun ki prezan pandan vizit Ekip Itineran yo. (Gade "Notifikasyon ak

Fòm Dezenskripsyon Paran / Responsab Legal" nan seksyon Enfòmasyon Sipleman tè a).

- Notifikasyon an dwe gen ladan:
 - Yon eksplikasyon sou sèvis Ekip Itineran yo;
 - Non Pwogram Swen Timoun Akèy la;
 - Non Lekòl Piblik ki fè parenaj la;
 - Dat la; epi
 - Yon Seksyon Dezenskripsyon.
- Paran / responsab legal la chwazi refize patisipasyon pitit li nan aktivite gwoup avèk manm Ekip Itineran yo. Notifikasyon paran / responsab legal la dwe gen ladan yon seksyon kote li endike l ap refize patisipasyon pitit li a. Seksyon sa a dwe gen ladan non timoun nan, non ak siyati paran / responsab legal la, ak dat siyati a.
- Notifikasyon an pa bezwen retounen sof si paran / responsab legal la te refize patisipasyon pitit li.

Notifikasyon ki anwo yo ak fòm konsantman ki siyen yo valab pou yon ane epi yo dwe renouvle pa Pwogram Swen Timoun Akèy la chak ane.

Pwogram Swen Timoun Akèy la dwe kenbe dokiman ki anwo yo nan yon kote ki an sekirite epi bay yo a yon founisè lisans EEC sou demann.

Bay Sèvis Ekip Itineran

Pandan vizit Ekip Itineran an, Pwogram Swen Timoun Akèy la dwe kenbe rejis prezans egzat manm Ekip Itineran ki fè vizit yo, dapre 606 CMR 7.04 (4).

Gen kèk IEP ki mande pou yon timoun resevwa sèvis endividyèl. A kondisyon paran / responsab legal la bay konsantman (gade seksyon Konsantman ak Notifikasyon Paran / Responsab Legal la), manm Ekip Itineran an ka travay endividyèlman avèk timoun nan nan yon lòt espas. Lòt espas sa a dwe nan zòn otorize e apwouve pa Pwogram Swen Timoun akèy la.

Nan tout anviwònman swen timoun yo, manm Ekip Itineran an dwe notifiye edikatè Pwogram Swen Timoun Akèy la (yo) anvan li deplase Timoun k ap Resevwa Sèvis IEP a pou ale nan yon lòt espas. Nan yon anviwònman ki baze nan sant, manm Ekip Itineran an dwe tou siyen depa ak arive timoun nan nan salklas la.

Pou tout vizit ekip itineran yo, Pwogram Swen Timoun Akèy la nan dwe dokimante:

- Non manm Ekip Itineran an;
- Non Timoun k ap Resevwa Sèvis IEP yo;

- Dire seyans sèvis itineran an; epi
- Pou yon timoun k ap travay endividyèlman avèk yon manm Ekip Itineran nan yon anviwònman ki baze nan sant, kantite fwa timoun nan te kite ak reantre nan salklas la.

Nan anviwònman ki baze nan sant yo, Pwogram Swen Timoun Akèy la dwe ajoute tout manm Ekip Itineran Lekòl Piblik la nan Lis Verifikasyon Dosye Anplwaye yo (Gade seksyon Enfòmasyon Sipleman a).

Pwogram Swen Timoun Akèy la dwe kenbe dokiman ki anwo yo nan yon kote ki an sekirite epi bay yo a yon founisè lisans EEC sou demann.

Pwogram Swen Timoun Akèy la dwe oryante manm Ekip Itineran yo tou nan pwosedi ijans pwogram nan, tankou men pa sèlman, kote Kit Premye Swen an ye, kote medikaman ijans yon timoun ye si sa aplikab, ak pwosedi evakyasyon pwogram nan.

Plent pou Move Tretman ak Neglijans

Dapre 606 CMR 7.11(4), tout manm Ekip Itineran Lekòl Piblik ki bay sèvis nan pwogram swen timoun ki baze nan kominote a se edikatè ki sijè a règleman ak politik EEC konsènan plent pou move tretman ak neglijans. Si yo depoze yon plent pou move tretman ak neglijans kont yon manm Ekip Itineran Lekòl Piblik:

- Li pa ka travay dirèkteman avèk timoun, jiskaske Depatman Timoun ak Fanmi Massachusetts la (DCF) mennen yon ankèt, dapre 606 CMR 7.11(18); epi,
- Distri Lekòl ki fè Parenaj la oswa Pwogram Swen Timoun Akèy la dwe egzekite yon nouvo EEC BRC pi vit posib (gade seksyon Aseptabilite BRC a).

Si Distri Lekòl ki fè Parenaj la resevwa yon plent pou move tretman ak neglijans kont yon manm Ekip Itineran Lekòl Piblik, yo dwe notifiye Pwogram Swen Timoun Akèy la ak EEC imedyatman.

KONFÒMITE

Founisè lisans EEC yo ka mezire konfòmite nan revize dokiman sa yo:

- Pwotokòl Dakò (MOU) ant Distri Lekòl ki fè Parenaj la ak Pwogram Swen Timoun Akèy la
- Lèt Detèminasyon Aseptabilite EEC BRC pou manm Ekip Itineran yo, lè sa aplikab
- Fòm IEP oswa Fòm Konsantman pou Timoun k ap Resevwa Sèvis IEP

- Fòm Notifikasyon / Dezenskripsyon pou timoun ki prezan pandan vizit Ekip Itineran an
- Rejis prezans Pwogram Swen Timoun Akèy la
- Lis Verifikasyon Dosye Anplwaye yo (pwogram ki baze nan sant sèlman)

ENFÒMASYON SIPLEMANTÈ

- Lis Verifikasyon Dosye Anplwaye Lisansye Pwogram Gwoup ak Laj Lekòl (Mizajou septanm 2025 k ap vini an)
- Lis Verifikasyon Anplwaye Pwogram ki Baze nan Sant lan (mizajou septanm 2025 k ap vini an)
- **Consent Form for Parent/Guardian: Child Receiving IEP Services from an Itinerant Team [LINK NEEDED]** (founisè swen timoun yo ka adapte echantiyon Fòm Konsantman sa a pou pwogram yo a)
- **Notification and Opt-Out Form for Parent/Guardian: Itinerant Team Services [LINK NEEDED]** (founisè swen timoun yo ka adapte Fòm Notifikasyon ak Dezenskripsyon pou pwogram yo a)